

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta kuasi ékspérimén. Métode ieu digunakeun pikeun nguji modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII D SMP PASUNDAN 4 kota Bandung.

Numutkeun Arikunto (1996:76), nétélakeun yén:

“Pre eksperimental desain sering kali dipandang sebagai eksperimen yang tidak sebenarnya. Oleh karena itu sering pula disebut juga istilah “quasi eksperimen” atau eksperimen pura-pura”

Ku kituna, jenis ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan numutkeun Arikunto (1996: 84) nya éta ékspérimén semu atawa *pre ékspérimén desain* kalawan ngagunakeun desain *pre-tést-post-tés one group desain*, anu desain panalungtikanana saperti ieu dihandap.

Desain Panalungtikan

O_1	X	O_2
-------	-----	-------

(Arikunto, 1998: 84)

Katerangan : X = Treatment (perlakuan ngagunakeun modél *Mind Mapping*)

O_1 = Pre-tés (saméméh perlakuan)

O_2 = Post-tés (sabada perlakuan)

3.2 Variabel jeung Watesan Operasional

3.2.1 Variabel

Dina ieu panalungtikan aya dua variabel. Modél *Mind Mapping* mangrupa variabel bébas (*independent variable*) jeung pangajaran nulis sajak mangrupa variabel kauger (*dependent variable*).

3.2.2 Wangenan Operasional

Wangenan operasional nu bakal dijadikeun acuan nya éta mangrupa operasional anu bakal kapanggih dina istilah judul. Ku kituna, sangkan ieu panalungtikan teu nimbulkeun salah persépsi, aya istilah panalungtikan anu diterangkeun saperti ieu dihandap:

- 1) Modél *Mind Mapping* nya éta téhnik nempatkeun informasi ka jero uteuk anu tuluy diébréhkeun tina éta uteuk ngaliwatan tulisan. Wangun *mind mapping* sarupa jiga peta jalan di kota nu ngabogaan loba cagak
- 2) Nulis nyaéta kaparigelan nyurahan lambang tinulis pikeun meunangkeun eusi pikiran atawa gagasan (informasi) anu dipidangkeun ku karangan dina wangun tulisan.
- 3) Sajak téh nya éta karya sastra wangun ugeran (puisi) anu teu pati kauger ku patokan-patokan, nu matak sok disebut oge sajak bébas.

3.3 Nangtukeun Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi

Numutkeun Arikunto (1997: 115) Populasi nya éta sakabéh subyék panalungtikan. Dina ieu panalungtikan anu jadi populasina nya éta sakabéh siswa kelas VII SMP PASUNDAN 4 Bandung.

3.3.2 Sampel

Arikunto (1997: 17) nétélakeun yén Sampel nya éta sabagian atawa wawakil populasi anu ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel random, nya éta digunakeun pikeun nangtukeun jumlah siswa kelas VII SMP PASUNDAN 4 Bandung anu dijadikeun subjék. Cara random dina ieu panalungtikan, ku cara ngundi kelas VII-A nepi ka kelas VII-D. Tina hasil undian, anu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VII D anu jumlahna 46 urang. Sacara rinci, wincikan sampelna bisa katitén dina table ieu di handap.

Tabél 3.1

Data Siswa Kelas VII D SMP PASUNDAN 4 Bandung

NO	NGARAN MURID	L/A
1	ALDI SANJAYA	L
2	AMI SITI AMINAH	A
3	ANDI UMASUGI	L
4	ANDRI	L
5	ANGGA PRADITA	L
6	AYU FEBIYANTI	A
7	BELA RAHMAWATI SAFIRA	A
8	DENI MUHAMMAD NUR KOMARA	L

NO	NGARAN MURID	L/A
9	DEOSA MUTIA AGUSTIN	A
10	DERIS PIAN	L
11	DHINAN MINAL FADZRI	L
12	DINDA NUR SALMA	A
13	ELSA PUJI PUTRI ANGGRAENI	A
14	ERNI NUR'AENI	A
15	FAJAR PAETUL RAHMAN	L
16	FIRDA SINTA ARISTIARINI	A
17	FIRDA SLVIA RAHMAN	A
18	GIRI ARYA ANGKASA	L
19	HAFIZH MARNAZH KOMARA	L
20	HERAWATI	A
21	ILHAM SOPAN SOPIAN	L
22	INDRI KENNY WIDYASTUTI	A
23	IRA NUR ANGGRAENI	A
24	IRVAN AULIA PASHA	L
25	ISA PEDIANSYAH	L
26	KARTIKA SARI DEWI	A
27	KRISTANTO OKTAVIANUS	L
28	LUTHFI FARID AFDHOLUDDIN	L
29	MAIYSARAH FEBRIYANI	A
30	MUHAMAD RAMDAN	L
31	MUHAMAD TAUFIQ	L
32	NENI APRIANI	A
33	NUR AJENG KOLIBAH	A
34	PENTI PATIMAH	A
35	RESTU FITRIA RAHAYU	A
36	RICKI FIRMANSYAH	L
37	RINRIN ANDRIYANI	A
38	RIZAL RUSMANIA	L
39	RIZKI NUR SIDIK	L
40	RIZKI SHIHABUDIN	L
41	ROSA SILMI	A
42	SILVAN HERIANSYAH	L
43	SILVIA ANGGRAENI	A
44	SRI LESTARI	A
45	TASYA MANUELLA SUHENDY	A
46	YANWAR	L

3.4 Téhnik Panalungtikan

3.4.1 Tehnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data, téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *pre-tes* jeung *post-test* anu bakal diterapkeun ka siswa sangkan jadi sumber data panalungtikan. *Pre-tés* dilakukeun saméméh dilaksanakeun perlakuan (uji coba) modél *Mind Mapping* tujuanana pikeun ngukur kamampuh siswa. sedengkeun *post-tés* dilakukeun sabada modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak digunakeun. Tina babandingan hasil *pre-tés* jeung *post-tés* bakal katitén kumaha modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII D SMP PASUNDAN 4 Bandung.

Dumasar téhnik di luhur, ngumpulkeun data dipilampah ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

1. Nangtukeun kelas populasi jeung sampel
2. Nangtukeun kritéria jeung bobot nulis sajak
3. Ngayakeun *pre-tést* ka kelas sampel
4. Ngajembarkeun kumaha nulis sajak ngagunakeun modél *Mind Mapping* (*treatment*)
5. Ngayakeun *post-tést* ka kelas sampel
6. Mariksa hasil tést

3.4.4 Tehnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data anu geus dikumpulkeun. Ku kituna aya léngkah-léngkah anu kudu dilaksanakeun, nya éta:

1) Méré Peunteun

Hasil pratés jeung pascaté dipariksa jeung dianalisis anu satuluyna ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, standar deviasi, jeung varians tina masing-masing kelompok. Lian ti éta pikeun mikanyaho normalitas data anu kudu ditéangan ngagunakeun uji normalitas. Sedengkeun pikeun mikanyaho homogén henteuna varians sampel kudu ngaliwatan uji homogénitas.

2) Uji Sifat Data

A. Uji Normalitas

Uji normalitas tujuanana pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat nu normal atawa teu normal, bisa digunakeun rumus *Chi square* (X^2).

Saméméh ngagunakeun rumus *Chi square*, aya léngkah anu kudu dilaksanakeun saperti ieu dihandap:

- 1) Nangtukeun rentang skor

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

- 2) Nangtukeun panjang kelas (p) ku cara milih angka ganjil 1, 3, 5, 7, 9, 11, jst.
- 3) Nangtukeun jumlah kelas (k)

$$k = \frac{r}{p} \pm 1$$

4) Nyieun tabél distribusi mean hasil pre-tést

Tabél 3.2

Tabél Distribusi Mean Hasil Pre-tés jeung Post-tés

No.	Kelas Interval	f	x	x^2	fx	fx^2
	Σ					

5) Nangtukeun mean jeung standar déviiasi

$$\bar{x} = \frac{\Sigma fx}{\Sigma f}$$

$$SD = \sqrt{\frac{n \cdot \Sigma fx^2 - (\Sigma fx)^2}{n(n-1)}}$$

6) Nangtukeun χ^2 ngagunakeun tabél

Tabél 3.3

Nilai *Chi Square* Itung Hasil Pre-tés jeung Post-tés

Kelas Interval	Batas Nyata	z - skor	Batas Luas Daérah	Luas Daérah	fh	fo	x^2
Σ							

Keterangan:

Batas Nyata	: nilai tengah antara interval luhur jeung sahandapeunana
$z - skor$: $\frac{\text{batas nyata} - \text{mean}}{\text{standar deviasi}}$
Batas Luas Daérah	: batas dina $z - skor$ anu aya dina tabél
Luas Daérah	: batas luas daérah 1- batas luas daérah 2
fh	: jumlah sampel (n) x luas daérah masing-masing interval
fo	: frékuénsi dumasar data anu aya
x^2	: $\frac{(fo - fh)^2}{fh}$

7) Nangtukeun derajat kabébasan

$$db = \text{jumlah kelas interval} - 3$$

8) Nangtukeun nilai x^2 tabél kalawan ngagunakeun tingkat kapercayaan 99%.

9) Nangtukeun normalitas kalawan ngagunakeun katangtuan:

x^2 itung $< x^2$ tabél, hartina normal

x^2 itung $> table$, hartina teu normal

B. Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilaksanakeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna varian sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu dihandap:

- 1) Nangtukeun skor variable x masing-masing kelompok prates jeung pascatés.
- 2) Ngitung variansi masing-masing kelompok pre-tés jeung post-tést, kalawan

ngagunakeun rumus:

$$\text{Pre-tést} \quad : \quad S_1^2 = \frac{n \cdot \sum f x^2 - (\sum f x)^2}{n(n-1)}$$

$$\text{Post-tést} \quad : \quad S_2^2 = \frac{n \cdot \sum f x^2 - (\sum f x)^2}{n(n-1)}$$

3) Hasil tina variansi, tuluy diasupkeun kana distribusi f .

$$f = \frac{S_2^2}{S_1^2}$$

4) Ngitung $f_{\text{tabél}}$ kalawan ngagunakeun derajat kabébasan jeung derajat

kapercayaan

$$db = n - 1$$

5) Nangtukeun homogénitas, kalawan ngagunakeun katangtuan:

$F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variansi sampel homogén, jeung

$F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ variansi sampel teu homogén

C. Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis, kudu ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu dihandap.

1) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung pascatés

Tabél 3.4

Uji Jumlah Rata-rata Skor Pre-tés jeung Post-tést

No.	SA_1	SA_2	d	d^2
Σ				

Keterangan:

SA_1 : Skor Ahir Pratés

SA_2 : Skor Ahir Pascatés

d : Béda Skor

2) Néangan béda mean dina prates jeung pascatés

$$\bar{x} = \frac{\Sigma d}{n}$$

3) Néangan jumlah kuadrat déviasi, ngagunakeun rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

4) Ngabuktikeun hipotésis, kalawan ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{\bar{x}}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katangtuan anu dipaké dina uji hipotésis ieu nya éta:

$t_{itung} < t_{tabél}$, hipotésis bisa diterima

$t_{itung} > t_{tabél}$, hipotésis ditolak

3.5.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés anu digunakeun nyaéta jenis tés préstasi anu tujuanana pikeun ngukur kamampuh para siswa sabada diajar hiji matéri. Pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina nulis sajak saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping* digunakeun dua kali tés nya éta *pre-tés* jeung *pos-tés*. *Pre-tés* digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sajak saméméh meunang perlakuan (*treatment*). *Post-tés* digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sajak sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

Conto instrument tés *pre-tes* jeung *post-tes*.

TES NULIS SAJAK

Jieun hiji sajak anu katangtuanana:

1. Pék jieun hiji sajak, kalawan téma bébas:
2. Kritéria anu dipeunteun:
 - a. Suasana
 - b. Téma
 - c. Gaya Basa
 - d. Diksi
3. Waktu: 60 menit

Tabél 3.5

Format Skala Peunteun Nulis Sajak

No.	Aspék anu dipeunteun	Skala Peunteun					Skor
		1	2	3	4	5	
1.	Téma						
2.	Suasana						
3.	Gaya Basa						
4.	Diksi						
Jumlah							

Keterangan:

Skala peunteun: 1 = kurang pisan

2 = kurang

3 = cukup

4 = alus

5 = alus pisan

Tabél 3.6
Kritéria Ngajén Sajak

Aspék	Skor	Kritéria
Suasana	5	Suasana anu dituliskeun dina sajak bisa kaharti pisan ku nu maca tur hadé pisan.
	4	Suasana anu dituliskeun dina sajak bisa kaharti ku nu maca tur hadé.
	3	Suasana anu dituliskeun dina sajak rada kaharti ku nu maca.
	2	Suasana anu dituliskeun dina sajak kurang kaharti.
	1	Suasana anu dituliskeun dina sajak teu kaharti.
Téma	5	Eusi sajakna alus, téma luyu jeung gambar anu dijieun.
	4	Eusi sajakna alus, téma aya patalina jeung gambar anu dijieun.
	3	Eusi sajakna cukup, téma rada luyu jeung gambar anu dijieun.
	2	Eusi sajakna kurang luyu jeung téma atawa gambar anu dijieun.
	1	Eusi sajakna goréng, téma teu luyu jeung gambar anu dijieun.
Gaya Basa	5	Ngagunakeun gaya basana alus pisan, ma'nana jero pisan tur rupa-rupa, sarta luyu jeung téma/ gambar anu dijieun.
	4	Ngagunakeun gaya basana alus, ma'nana jero tur rupa-rupa, sarta luyu jeung téma/ gambar anu dijieun.
	3	Ngagunakeun gaya basana cukup hadé, ma'nana cukup jero tur rupa-rupa, sarta rada luyu jeung téma/ gambar anu dijieun.

	2	Ngagunakeun gaya basana kurang hadé, ma'nana kurang jero tur rupa-rupa, sarta kurang luyu jeung téma/ gambar anu dijieun.
	1	Ngagunakeun gaya basana goréng, teu ngandung ma'nana sarta teu luyu jeung téma/ gambar anu dijieun.
Diksi	5	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus tur hadé pisan.
	4	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus.
	3	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecapna cukup/ basajan.
	2	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecapna kurang merenah.
	1	Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecapna goréng.

Dina meunangkeun peunteun ahir ngagunakeun rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{skor nu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

Katerangan:

- 1) Téma, nya éta inti pikiran atawa puseur implengan anu jadi dasar dina nyieun sajak.
- 2) Diksi, nya éta pilihan kecap dina nyusun kekecapan sangkan jadi hiji sajak anu éndah.
- 3) Gaya basa, nya éta basa anu digunakeun ku panyajak pikeun nepikeun hiji cara kalawan henteu togmol.
- 4) Suasana, nya éta ungkapan rasa anu aya dina sajak saperti rasa sedih, gumbira, deudeuh, ambek, kakeuheul, jste.

